



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJILASYON SOU VYOLANS DOMESTIK

Lejislasyon S.1557/A.4496 egzije liberasyon moun yo de sèvis antrepriz sèvis piblik yo nan sityasyon vyolans domestik yo

Lejislasyon S.1555A/A.465-A rann li pi fasil pou yon viktim vyolans domestik kenbe dosye enskripsyon elektoral li konfidansyèl

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te siyen yon pake lejislasyon sou vyolans domestik. Lejislasyon S.1557/A.4496 egzije liberasyon moun yo de sèvis antrepriz sèvis piblik yo nan sityasyon vyolans domestik yo. Lejislasyon S.1555A/A.465-A pral rann li pi fasil pou yon viktim vyolans domestik aplike pou kenbe dosye enskripsyon elektoral li ki rete sele pou piblik la pa wè

"Manman mwen te travay avèk sivivan vyolans domestik yo tout lavi li epi mwen fyè pou mwen kontinye misyon an pou mete fen nan abi ak sipòte bezwen sivivan ak fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Egzije konpayi sèvis piblik yo pou libere sivivan vyolans domestik yo de kontra yo nan libere fon pou nesosite pandan y ap rekipere yo nan yon nouvo kay ak kenbe adrès nouvo kay sa yo konfidansyèl pou asire sivivan yo kapab viv ladan an sekirite".

Lejislasyon S.1557/A.4496 amande lwa sou sèvis piblik an relasyon ak egzijans liberasyon moun yo de sèvis antrepriz sèvis piblik yo nan sityasyon vyolans domestik. Lejislasyon an bay yon kloz echapatwa pou viktim vyolans domestik pou yo pa gen pou yo kontinye peye pou sèvis nan yon lokal yo te sove kite.

Senatè Kevin Parker te deklare, "Verite tris la sè ke Eta New York dwe fè plis pou asire pwoteksyon pou viktim vyolans domestik yo. Pandan sivivan yo ap efòse yo pou yo avanse nan lavi yo, yo dwe kapab mete fen nan kontra sèvis piblik yo san penalite. Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li ratifye lejislasyon enpòtan sa a epi pa ka tann pou aplike plis wout k ap pèmèt rekiperasyon sivivan yo."

Manm Asanble Carmen De La Rosa te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li ratifye lejislasyon enpòtan sa a ki pral kontribiye anpil nan retounen diyite bay sivivan abi yo. Vyolans sou patnè entim manifeste tèt li nan abi fizik, vèbal ak ekonomik. Lejislasyon sa a pral pèmèt sivivan yo jwenn yon liberasyon pou asire yo kapab rekonstwi lavi ak avni yo".

Lejislasyon S.1555A/A.465-A modifye lwa elektoral la pou fasilite pwosesis pou kenbe non ak adrès yon elektè anrejistre sekrè pou pa divilge bay piblik la. Anvan sa, yon viktim vyolans domestik t ap gen pou aplike nan Tribinal Siprèm pou jwenn yon òdonans tribinal pou anpeche yo divilge enfòmasyon li yo. Kounye a, yon viktim vyolans domestik kapab fè yon afimasyon dirèkteman bay Konsèy Elektoral la pou mande pou enfòmasyon sou enskripsyon elektoral a rete konfidansyèl pandan kat ane.

Deklarasyon Senatè Zellnor Myrie. "Sivivan vyolans domestik yo pa ta dwe gen pou chwazi ant egzèsè dwa yo pou vote ak sekirite pèsonèl yo. Nou vle tout Nouyòkè jwe yon wòl nan demokrasi nou; nan retire yon motif laperèz, lwa sa a ap rann li pi fasil pou sivivan yo jwenn ak itilize vwa yo nan eleksyon nou yo".

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Okenn sivivan pa ta dwe gen pou abandone dwa yo pou vote pou kapab pwoteje tèt yo kont abi. Lwa sa a pral asire sivivan vyolans domestik yo gen yon fason jis ak dirèk pou kenbe detay enskripsyon elektoral yo konfidansyèl sa k ap pèmèt yo vote san laperèz. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li ratifye lejislasyon enpòtan sa a pou asire sekirite tout Nouyòkè".

Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office for the Prevention of Domestic Violence, OPDV) Eta New York la se sèl ajans eta nan nivo egzekitif peyi a ki devwe ak pwoblèm vyolans domestik. Liy Asistans pou Vyolans Domestik ak Seksyèl Eta New York la (New York State's Domestic and Sexual Violence Hotline) disponib 24/7: 800-942-6906 (apèl), 844-997-2121 (tèks) oswa @opdv.ny.gov (chat). Ane pase, liy asistans eta ak lokal yo te resevwa plis pase 250,000 apèl pou asistans.

[Biwo pou Sèvis Viktim](#) lan finanse tou yon rezo plis pase 200 pwogram kominotè ki bay sipò dirèk pou viktim krim yo ak fanmi yo. Pwogram yo ka ede tout viktim krim tou pou aplike pou dedomajman ak lòt asistans nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou moun ki pa gen okenn lòt resous.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)